



Pou Piblikasyon Imedya: 10/28/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GWROUP TRAVAY COMMON CORE ANONSE ORÈ REYINYON PIBLIK

Premye reyinyon piblik ap fèt demen nan Lower Hudson Valley, kap swiv pa sesyon rejyonal piblik yo nan Eta semèn pwochen

Jodia, Gwoup Travay Common Core la te anonse orè reyinyon piblik li yo, sa ki enkli 12 reyinyon nan Eta New York apati demen, 29 oktòb nan Lower Hudson Valley. Gwoup Travay la apresa ap òganize dis sesyon dekout rejyonal similtaneman kote manm yo nan piblik la envite pou bay temwayaj semèn pwochen. Sesyon piblik yo se yon pati enpòtan nan inisyativ sansibilizasyon pou angaje Nouyòkè yo epi jenere kòmantè a Gwoup Travay la.

Gwoup Travay Common Core la prezide pa Richard Parsons, Konseye Prensipal, Providence Equity Partners Inc. ak ansyen Prezidan Konsèy la, Citigroup Inc.

Mesye. Parsons te deklare: “Reyinyon piblik sa yo ap esansyèl pou revizyon global Common Core. Nan semèn kap vini yo, Gwoup Travay la ap angaje nan dyalòg ki enpòtan avèk Nouyòkè yo toupatou nan eta ki ofri yon varyete pèspektiv, fè tandè lide yo epi bay kòmantè enpòtan sou estanda yo ansanm avèk aplikasyon yo. Mwen enpasyan pou m mete sesyon sa yo sou pye.”

Pandan sesyon piblik yo, manm yo nan Gwoup Travay Common Core la ap resewwa prezantasyon senk konferansye kap prezante diferan pwendevi ki gen rapò a responsabiltè Gwoup Travay la. Apre prezantasyon yo, manm yo nan Gwoup Travay la ap angaje konferansye yo nan sesyon K&R. Tout sesyon an, enkli prezantasyon ak K&R ap ouvè pou manm yo nan piblik la ak laprès e videyo sesyon an ap afiche sou [Sitwèb Gwoup Travay la](#).

Pandan sesyon rejyonal piblik yo, manm piblik la envite pou bay temwayaj ki kwonometre a reprezantan ki prezan yo nan Gwoup Travay la. Tout sesyon an ap ouvè pou manm yo nan piblik la ansanm avèk laprès.

Orè reyinyon piblik la se sa ki annaprè yo:

Premye Sesyon Piblik - Jedi 29 oktòb de 4 p.m. jiska 6 p.m.

The College of New Rochelle
Maura Hall Room, Maura Hall
29 Castle Place
New Rochelle, NY 10805
Remake – Anrejistreman ap kòmanse a 3:30 p.m.

Sesyon Piblik Rejyonal - Vandredi, 6 Novanm de 3 p.m. jiska 5 p.m.

Ap gen yon sesyon nan chak rejyon nan eta (total 10 reyinyon). Detay sou reyinyon rejyonal yo ap disponib sou [Sitwèb Gwoup Travay la](#) nan kòmansman semèn pwochen.

Dezyèm Sesyon Piblik - Mèkredi 18 novanm de 2 p.m. jiska 4 p.m.

Konte Erie – detay reyinyon yo ap anonse sou [Sitwèb Gwoup Travay la](#) ofi e amezi yo vin disponib.

Yo ankouraje piblik la tou pou soumèt kòmantè ansanm avèk rekòmasyon yo a Gwoup Travay la sou sitwèb li a, ny.gov/CommonCoreTaskForce.

Prezantatè pou premye sesyon piblik la, ap fè demen nan Lower Hudson Valley, yo se:

1. Dr. Linda Sturges, Pwofesè Matematik & Matematik ak Syans Enfòmatrik Sipèvizè Pwogram, SUNY Maritime College
2. Judy Kelly, Pwofesè Angle, Sleepy Hollow High School; Prezidan Depatman Angle, Sleepy Hollow High School & Middle School; Prezidan Iniyon Pwofesè Lokal
3. Jamaal Bowman, Direktè, Cornerstone Academy for Social Action
4. Lisa Rudley, Paran Konte Westchester, Ko-Fondatè ak Direktè Egzekitif Alye Eta New York pou Edikasyon Piblik
5. Robert Horan, Sipè-entandan, Distri Santral Lekòl Schodack

Dr. Linda Sturges, Pwofesè Matematik & Syans Enfòmatrik Matematik ak Sipèvizè Pwogram Syans, SUNY Maritime College

Dr. Linda Sturges se yon Pwofesè Matematik ak Matematik ak Sipèvizè Pwogram Detid Syans Ódinatè. Nan 2005, li te resevwa Prim Chanselye pou Ekselans nan Sèvis Pwofesè ak sèvis li kòm Prezidan Komite Evalasyon Pwofesè e yo te rekonèt li avèk yon sètifika ak yon plak nan 2012.

Sèvis Inivèsité Dr. Sturges enkli manm nan Konsèy sou Evalyasyon SUNY (SCoA) ak patisipasyon nan Gwoup Konsèy SUNY sou evalyasyon pre-kolèj nan matematik avèk SED ak PARCC. Dr. Sturges te travay sou diferan pwojè aprantisaj ak ansèyman grasa Sant Amelyorasyon Règleman Edikasyonèl. Sèvis powfesyonèl li relye a enterè rechèch li sou ansèyman ki oto-règleman nan AERA. Dr. Sturges se trezorye pou Gwoup Enterè Spesyal AERA sou Etid ak Ansèyman oto-règleman. Pwofesè Sturges te resevwa yon Bakaloreya nan Matematik nan SUNY New Paltz, yon Metriz nan Matematik nan Edikasyon Matematik nan Lehman College, ak yon Doktora nan Sikoloji Edikasyonèl nan City University New York Graduate Center.

Judy Kelly, Pwofesè Angle, Sleepy Hollow High School; Prezidan Depatman Angle, Sleepy Hollow High School & Middle School; Prezidan Sendika Pwofesè Lokal yo
Judith Kelly te yon pwofesè nan lekòl piblik pou venn-dezan ki sot pase yo. Aktyèlman, lap anseye Angle nan nivo high school nan Sleepy Hollow High School nan Sleepy Hollow, New York, kote li te anplwaye pou dènye disnèf ane ki sot pase yo. Anplis de wòl li kòm yon pwofesè, Madam Kelly se Prezidan Depatman Angle pou klas 6-12 ane ak Prezidan Asosyasyon Pwofesè nan Tarrytowns. Anvan manda li nan Sleepy Hollow, li te anseye Angle nan middle school nan sistèm Lekòl Piblik Vil New York nan Intermediate School 211 nan Canarsie, Brooklyn. Madam. Kelly gen yon Bakaloreya nan Literati Lang Angle nan Marist College ak yon Metriz nan Edikasyon Segondè Angle nan S.U.N.Y. New Paltz. Anplis, li te resevwa yon Sètifika Etid Avanse nan Lidèchip Edikasyonèl nan S.U.N.Y. New Paltz. Li abite nan New Paltz, New York avèk mari l ansanm avèk de pitit.

Jamaal Bowman, Direktè, Cornerstone Academy for Social Action
Jamaal Bowman se Direktè Fondatè Cornerstone Academy for Social Action (C.A.S.A.) Middle School nan Bronx. Mesye. Bowman te resevwa degre Bakaloreya l nan Jesyon Espò nan Inivèsite New Haven nan Me 1999 e touswit apre li te kòmanse karyè ansèyman l nan P.S. 90 nan Sid Bronx. Apre li te fin pase senkan nan P.S. 90, Mesye. Bowman te pwomote pou l travay kòm Dwayen Etidyan yo nan High School pou Art ak Teknoloji. Nan 2008 Mesye. Bowman te jwenn akseptasyon nan Nouvo Lidè pou Nouvo Lekòl yo, e li te pase ane a ap ekri pwopozisyon pou C.A.S.A. pandan li nan staj nan Akonplisman premye pwojè Lekòl Charter. Mesye. Bowman se yon Pwofesè Biznis Sètifye, Konseye Oryantasyon, ak Lidè Etablisman Lekòl. Li te itilize tout eksperyans pèsònèl ak pwofesyonèl li pou bati vizyon, misyon, ton, ak fondasyon C.A.S.A. Middle School.

C.A.S.A., kounye a nan 6yèm ane l, te selebre pou kilti egzanplè lekòl li, wo nivo akonplisman elèv, ak pratik inovè ki akse sou elèv. Elèv C.A.S.A. regilyèman ap frekante kèk nan pigwo high school yo nan Vil New York enkli Bronx High School of Science ak Brooklyn Latin, e yo ofri yo kou akselere nan Aljèb, Anviwonman Lavi, ak Angle. Nan 2015 Egzamen Eta Common Core yo, C.A.S.A. te resevwa kwasans nòt mwayèn konbine ki pi elve nan Vil New York. Mesye. Bowman te fèt epi edike nan East Harlem/Yorkville seksyon Vil New York, e li se pwodui lekòl piblik. Pi enpòtan ankò, li se yon mari ak papa twa pitit ki fyè.

Lisa Rudley, paran Konte Westchester, Ko-Fondatè ak Direktè Egzekitif New York State Allies pou Edikasyon Piblik

Lisa Rudley, Konte Westchester, Ossining Public School paran 3 timoun laj 10, 13 ak 15 zan. Manm fondatè New York State Allies pou Edikasyon Piblik, yon kowalisyon plis pase 50 paran ak gwoup edikatè. Yon vwa ki alatèt nan New York pou dwa paran ak elèv, Lisa defann moun ki gen andikap ak edikasyon piblik nan nivo lokal, eta, ak federal.

Robert Horan, Sipè-entandan Distri Lekòl Santral Schodack

Robert Horan anseye edikasyon teknoloji nan Distri Lekòl Santral Mohonasen de 1986 jiska 2002, e pandan yon peryòd sa li te Dwayen Etidyan yo. Apati 2002-2004, li te travay pou Distri Lekòl Santral Shenendehowa kòm Administratè Depatman pou Teknoloji ak Edikasyon Biznis. Nan 2004, Distri Lekòl Santral Schodack te anboche Mesye. Horan kòm Prensipal Maple Hill High School li te rete nan pozisyon sa jsikaske li te vini Sipè-entandan nan Jiyè 2010. Mesye. Horan abite nan Niskayuna avèk madam li ansanm avèk twa pitit.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418